

# 2024 Bwochi Enfòmasyon Rezidan



Foto Pèmi Pakin Rezidan 2024  
pa Regina Mitarachi

Vil Cambridge  
Trafik, Espas, + Transpò



**Eskane kòd QR la pou tradiksyon an Amarik,  
Arab, Bangla, Chinwa Senplifye, Kreyòl  
Ayisyen, Pòtigè ak Espanyòl.**

ትርጉሙን ለማንበብ ይጻፉ።

امسح الكود لقراءة الترجمة.

অনুবাদ পড়তে কোড স্ক্যান করুন।

扫码阅读翻译。

Eskane kòd la pou li tradiksyon an.

Escaneie o código para ler a tradução.

Escanee el código para leer la traducción.

**Yi-An Huang, City Manager  
Brooke McKenna, Komisyònè**

344 Broadway, Cambridge, MA 02139  
cambridgema.gov/tpt | 617-349-4700



# Règ sou Pèmi Rezidan ak Vizitè

**Aprann plis nan [cambridgema.gov/parkingpermits](https://cambridgema.gov/parkingpermits).**

Vyolasyon règ sa yo ka lakoz yon amann jiska \$300 pou chak enfraksyon.

## Pèmi Pakin pou Rezidan

- Pèmi a dwe kole nan kwen andedan nan bò chofè a nan vit machin nan.
- Nimewo ki sou pèmi a dwe koresponn ak nimewo plak machin nan
- Si ou gen yon nouvo machin oswa si plak ou chanje, ou pa ka kontinye itilize menm pèmi an.
- Pa kopye pèmi an ni pa transfere l nan yon lòt machin.
- Si w modifiye oswa deplase pèmi an, y ap revoke l epi y ap bay machin pèmi an afiche ladan an kontravansyon/ tikè.
- Si w deplase kite Cambridge, retire pèmi w la.
- Tout pèmi yo ap ekspire 31 Mas 2025.

## Pèmi Pakin Vizitè yo

Moun ki pa rezidan yo ka itilize Pèmi Pakin Vizitè yo nan zòn "Parking by Permit Only (Pakin ak Pèmi Sèlman)" pandan y ap vizite kay yon rezidan. Vizitè yo dwe remèt rezidan an pèmi an nan fen vizit la.

## Ki moun ki ka itilize pèmi pakin pou vizitè yo?

- Rezidan Cambridge pa gen dwa itilize pèmi vizitè yo.
- Ou ka itilize pèmi vizitè sèlman nan yon sèten zòn, se pa nan tout Cambridge. Yon kat ki sou do pèmi an montre ki kote envite w yo ka pakin.
- Taksi, machin livrezon, ak machin ki twò gwo pa kapab itilize pèmi vizitè yo.

## Kisa règ yo ye?

- Pa kopye, vann, transfere, oswa modifiye pèmi vizitè yo.
- Machin ki itilize yon pèmi vizitè dwe deplase apre 24 èdtan.
- Yon machin ki sèvi ak yon pèmi vizitè pa kapab pakin nan menm zòn nan pou plis pase twa jou nan semèn nan (Dimanch pa ladan).
- Vil la kontwole itilizasyon pèmi vizitè yo. Si yo itilize yon pèmi vizitè anpil sou menm machin nan, nou ka bay machin nan kontravansyon epi/oswa anile pèmi an.
- Si w deplase andedan Cambridge, notifiye TP+T. Ou ka bezwen chanje pèmi w la.

## Plasman pèmi



### Pèmi yo plase isit la.

Retire tout pèmi ane anvan yo.

Otokolan Pèmi Pakin Rezidan yo plase sou kwen anba andedan nan bò chofè a nan vit machin nan.

Pèmi Pakin Vizitè yo plase sou dach (dashboard) machin vizitè a.

Pakin machin ou an nan respè tout pano ak règleman Vil la.

## Nouvo Pakin pou Rezidan Limit Pèmi yo

Apati ane sa a, Vil Cambridge te mete yon limit sou kantite Pèmi Pakin Rezidan chak rezidan Cambridge ka jwenn.

Yon moun pa ka gen plis pase kat machin ki gen Pèmi Pakin Rezidan.

## Kisa k ap pase nan Lari Cambridge yo?

### Pa Vire nan Limyè Wouj

Pandan tout ane 2023, Cambridge te enstale pano "Pa Vire nan Limyè Wouj" nan pifò limyè trafik nan vil la. Sa vle di ou pa ka vire adwat nan yon limyè wouj, menm apre ou fin rive nan yon arè konplè.

Règ sa a ogmante sekirite pou moun k ap mache ak monte bisiklèt, sa ki kreye plis previzibilite nan siyal trafik yo.


### The Cycling Safety Ordinance (Òdonans Sekirite pou Monte Bisiklèt)

Cycling Safety Ordinance la egzije Cambridge enstale 25 mayls liy bisiklèt separe ant 2020 ak 2026. Liy bisiklèt separe yo ogmante konfò ak sekirite pou moun k ap monte bisiklèt lè yo itilize yon baryè fizik pou separe yo ak machin yo.

Aprann plis ak wè sa ki planifye pou apre nan [cambridgema.gov/cyclingsafetyordinance](https://www.cambridgema.gov/cyclingsafetyordinance).

# Kat Jeyografik Distri pou Netwayaj Lari

Enskri pou jwenn rapèl netwayaj lari yo nan [cambridgema.gov/StreetCleaningReminders](http://cambridgema.gov/StreetCleaningReminders).



Gen ladan: Griswold St, Normandy Ave, Normandy Ter, South Normandy Ave, ak Sunset Rd.

Gen ladan: Education Cir, Education St, Museum Way, ak North Point Blvd.

Pati nan Distri C



# Orè Netwayaj Lari 2024

\*Endike chanjman orè pou akomode jou ferye yo  
617-349-4800 | [cambridgema.gov/theworks](http://cambridgema.gov/theworks)

DISTRI	BÒ	JOU	AVRIL	ME	JEN	JİYÈ	OUT	SEPT	OKT	NOV	DES
A	Enpè	1 <sup>ye</sup> Mèk	3	1	5	3	7	4	2	6	4
A	Pè	1 <sup>ye</sup> Jed	4	2	6	10-Jiy*	1	5	3	7	5
B	Enpè	1 <sup>ye</sup> Lend	1	6	3	1	5	29-Out*	7	4	2
B	Pè	1 <sup>ye</sup> Mad	2	7	4	2	6	3	1	5	3
C	Enpè	1 <sup>ye</sup> Vand	5	3	7	5	2	6	4	1	6
C	Pè	2 <sup>zyèm</sup> Lend	8	13	10	8	12	9	30-Sep*	29-Okt*	9
D	Enpè	2 <sup>zyèm</sup> Mad	9	14	11	9	13	10	8	12	10
D	Pè	2 <sup>zyèm</sup> Mèk	10	8	12	10	14	11	9	13	11
E	Enpè	2 <sup>zyèm</sup> Jed	11	9	13	11	8	12	10	14	12
E	Pè	2 <sup>zyèm</sup> Vand	12	10	14	12	9	13	11	8	13
F	Enpè	3 <sup>zyèm</sup> Lend	29-Avril*	20	17	15	19	16	21	18	16
F	Pè	3 <sup>zyèm</sup> Mad	16	21	18	16	20	17	15	19	17
G	Enpè	3 <sup>zyèm</sup> Mèk	17	15	30-Me*	17	21	18	16	20	18
G	Pè	3 <sup>zyèm</sup> Jed	18	16	20	18	15	19	17	21	19
H	Enpè	3 <sup>zyèm</sup> Vand	19	17	21	19	16	20	18	15	20
H	Pè	4 <sup>yèm</sup> Lend	22	29-Me*	24	22	26	23	28	25	23
J	Enpè	4 <sup>yèm</sup> Mad	23	28	25	23	27	24	22	26	30-Des*
J	Pè	4 <sup>yèm</sup> Mèk	24	22	26	24	28	25	23	27	31-Des*
K	Enpè	4 <sup>yèm</sup> Jed	25	23	27	25	22	26	24	29-Nov*	26
K	Pè	4 <sup>yèm</sup> Vand	26	24	28	26	23	27	25	22	27

## Enfòmasyon sou Kontak

### Vil Cambridge

617-349-4000 | [cambridgema.gov](http://cambridgema.gov)

### Trafik, Pakin, ak Transpò

617-349-4700 | [cambridgema.gov/tpt](http://cambridgema.gov/tpt)

### Machin Lapolis (Ki pa Ijans) ak ki Remoke

617-349-3300

[cambridgema.gov/TowedVehicles](http://cambridgema.gov/TowedVehicles)

Tout nimewo telefòn ki nan lis yo se nimewo vwa.  
Ou ka kontakte nou tou atravè 711 (relè).

## Li bwochi sa a sou entènèt:

[www.cambridgema.gov/2024rpp](http://www.cambridgema.gov/2024rpp)

## Enfòmasyon sou Aksè :

Vil Cambridge pa fè diskriminasyon, menm sou baz andikap. Nou ka bay materyèl nan diferan fòm epi fè lòt modifikasyon rezonab pou moun ki gen andikap.

**Ou Bezwen Èd?** Si w gen kesyon oswa ou bezwen asistans, kontakte nou nan [tpt@cambridgma.gov](mailto:tpt@cambridgma.gov), 617-349-4700, oswa atravè relè nan 711.

## Sezon Renouvèlman 2025

*N ap Wè W Ane Pwochen!*

Pèmi 2024 ou a ap ekspire 31 Mas 2025. Sezon Pèmi Rezidan/Vizitè 2025 la ap kòmanse 2 Janvyè 2025.

Ou pral kapab renouvle pèmi 2024 ou an sou entènèt nan [cambridgema.gov/parkingpermits](http://cambridgema.gov/parkingpermits) apati 1ye Desanm 2024.